***Қарақалпақстан Республикасы***
***Мәлимлеме – китапхана орайы***

***Мағлыўмат библиография хызмети***

# ***«Мойнақ жаңаланыў дәўиринде»***

***Әдебиятлардың усыныў дизими***

***Нөкис – 2020ж.***

*К И Р И С И Ў*

Мойнақ районы Қарақалпақстан Республикасының арқа зонасында жайласқан болып, пүткил Өзбекстан бойынша балықшылық ҳәм балық санаатының орайы болып келген. Өзиниң бай тарийхы ҳәм ҳәзирги наўқыран саўлаты менен дүнья жүзиниң көплеген еллерине таныс.

Мойнақ районының жылнамасы тарийхый дереклерде 1931 – жылдың 30 – июлинен басланады. Усы күни Қарақалпақстан Республикасының қурамында жаңа район – Мойнақ балықшылық ҳәм балық санааты районын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етилди. Мине соннан берли район жәмийетшилиги ҳәм халқы бул даңқлы сәнени салтанатлы жағдайда белгилеп келмекте.

Урыстың дәслепки күнлеринде районның барлық балықшылық колхозлары, балық заводлары, өндирис орынлары, билимлендириў, денсаўлықты сақлаў тараўларында ислеўшилерден  төрт мыңға жақын азаматлар фашизмге қарсы саўашқа атланды. Усының менен  бир ўақытта Мойнақ халқы фронт аймақларынан көширип әкелинген бир неше миллет ўәкиллерин, ата-анасыз қалған балаларды өз баўырына басты, бир тислем нанды олар менен бирге бөлисти. Урыс жылларында мойнақшьлар “Ҳәмме нәрсе фронт ушын, ҳәмме нәрсе жеңис ушын!” деген ураны астында жәмлести ҳәм фронтқа жәрдем бериўде өзлерин ис жүзинде көрсетти. Гөш-балық комбинатының өзи 1943-жылы 5 миллион 990 мың дана гөш, балық консерваларын, 50 мың центнерден аслам дузланған, қақданған балық өнимлерин фронтқа жиберди.  Урыстан соң да балық жетистириў бойынша көплеген жетискенликлерге еристи. Өзиниң усындай даңқлы тарийх жылнамаларына ийе болған Мойнақ районында  соңғы жыллары  Арал теңизи суўының тартылып барыўы нәтийжесинде  экологиялық жағдай кескинлести.

Бул машқалаларды шешиў бойынша елимиз басшылары, алымларымыз, ел азаматлары ат салысып жумыс алып бармақта. Жәҳән машқаласына айналған Арал апатшылығының ақыбетлерин жумсартыў бойынша Президентимиз Шавкат Мирзиёев әмелий басламалар менен шықты ҳәм бүгинги күнде оның нәтийжелери көринбекте. Президентимиз БМШтың бас ассамблеясының 72 - сессиясында бул машқалаға дүнья жәмийетшилигиниң дыққат-итибарын тартқан еди.

2019 – жыл 16 январьда Министрлер Кабинети тәрепинен “Қарақалпақстан Республикасының Мойнақ районын комплексли социаллық-экономикалық раўажландырыў илажлары ҳаққында” ғы Қарары қабыл етилди. Қарар менен сондай-ақ “2019 - 2021 – жылларда Қарақалпақстан Республикасының Мойнақ районын жедел комплексли социаллық-экономикалық раўажландырыў” Бағдарламасы да тастыйықланды. Арал теңизи ултанының бир неше жерлеринен қудық қазылып суў шығарылды, сексеўиллер егилди. Соңғы еки жылда бул жердеги халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў, жаңа жумыс орынларын жаратыў бағдарында кең көлемли жумыслар әмелге асырылды. Қала көркине көрк қосыўшы сулыў имаратлар менен турақ жайлар салынды.

Ҳәр бир қарыс жеринде уллы бабаларымыздың излери қалган бул муқаддес Мойнақ жеринен Ҳәким ата - Сулайман Бақырғаный, Тоқпақ ата, Жантемир ийшан усаған әзиз әўлийелер, қарақалпақ халқының уллы мақтанышы болған әжайып классик шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар, илим ҳәм ағартыўшылыққа, мәденияттың раўажланыўына үлкен үлес қосқан ойшыллар жетилисип шыққан.

Бүгин Мойнақ жаңаланыў дәўирине нық қәдем қойды. Ол өзгермекте, жаңаланып атыр, жасармақта. Бир сөз бенен айтқанда Мойнақ “Саҳра мерўерти” не айланбақта.

Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме-китапхана орайының Мағлыўмат – библиография хызмети тәрепинен кең китап оқыўшылар жәмәәтине үлкемиз аймақларын таныстырып барыў мақсетинде Мойнақ районының өткен дәўири ҳәм бүгинги турмысын сәўлелендиретуғын китап ҳәм ўакытлы баспаларда жәрияланған мағлыўматлардан әдебиятлардың усыныў дизими дүзилип отыр.

Абибуллаев, Д. Арал апатшылығын биргеликте сапластырыў мәселелерине бағышланды: [2018 - жыл 27 - ноябрь күни ҚР. Жоқарғы Кеңесинде "Аралбойы регионында экологиялық жағдайларды жақсылаў мәселелери ҳәм усы процессте корейс диаспорасының әҳмийетли" атамасында халықаралық форум болып өтти] // Қарақалпақстан жаслары. - 2018. 29 нояб.

Абибуллаев, Д. Аралбойы регионы тарийхында жаңа бет: Бирлескен Миллетлер Шөлкеминде Аралбойы регионы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фондының шөлкемлестирилиўи халқымыз тәрепинен айрықша қанаатланыўшылық пенен күтип алынды // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 4 дек.

Абибуллаев, Д. Егилген сексеўиллер көгирип шықпақта: Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 2018 - жыл 15-16 - ноябрь күнлери Қарақалпақстан Республикасына сапары шеңберинде Мойнақ районында да болып, Арал теңизиниң қурыған майданына усы жылы 500 мың гектар жерге сексеўил егиў ўазыйпасын белгилеп берилген еди ҳәм орынланыўы ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 30 март.

Абибуллаев, Д. Көл жағасындағы қуўанышлы мәўритлер: [Мойнак районында "Арал ҳәм Мойнақтың қайта тиклениўи" атамасындағы халықаралық экофестивалы, Бердақ ҳәм Әжинияз шайырлардың халықаралық қосықлар ҳәм намалар фестивалы, "Арал балықларынан 99 турли тағамлар" гастрономиялық фестивалы өтти] // Қарақалпақстан жаслары. - 2017. - 2 нояб.

Абибуллаев, Д. Мойнақта бир қатар объектлер пайдаланыўға тапсырылды // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 30 нояб. – Б. 1.

Абибуллаев, Д. Мойнақтағы жаңа имканиятларға бағышланды: ҚР. Министрлер Кеңесинде "Бүгинги Арал теңизиниң қурыған ултанында экологиялық жағдайды жумсартыў ҳәм Мойнақ районын социаллық - экономикалық раўажландырыў бойынша алып барылып атырған жумыслардың мазмун - мәниси" атамасында брифинг өткерилди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 2 февр.

Абибуллаев, Д. Мойнаққа таза ишимлик суўы жетип барды: [2017 - жыл 1 - июль сәнеси Мойнақ халқы ушын есте қаларлық күн болды] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 4 июль

Абибуллаев, Д. Мойнақ балық тағамларына мирәт етеди: [19 - 20 - октябрь күнлери республикамызда "Арал балықларынан 99 түрли тағамлар" темасындағы гастрономиялық фестивалы, "Арал ҳәм Мойнақтың қайта тиклениўи" атамасындағы халықаралық экофестивалы болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 13 окт.

Абибуллаев, Д.  Муйноқда бир қатор объектлар фойдаланишга топширилди // Qoraqalpog'iston tongi. – 2019. – 5 дек.

Абдуллаева, Н.  Арал шегинбекте, лекин инсан шегинбейди...: [Арал қәддинен 55 метр қашықлықтағы ултанында болып өткен илажда бир топар жаслар қатнасты. Сондай-ақ университет жаслары Мойнақтың мийнеткеш халқына көтериңки кейпият бағышлайтуғын концерт бағдарламасын инам етти"] // Ustaz joli. – 2020. – 25 янв.

Акимниязова, Г. Жипек жолынын Арал бойы қалаларына унамлы тәсири: [дәуир ҳәм тарийх]  // Еркин Қарақалпақстан. - 2015. – 15 авг

Аралбойы регионы ушын арнаўлы фонд: [Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Нью - Йорк қаласында резиденциясында 27 - ноябрь күни БМШның Аралбойы регионы ушын  Инсан қәуипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды жумысының басланыўына бағышланған илаж болып өтти] // Ustaz joli'. - 2018. - 1 дек.

Арал тенизинин курып барыуы акыбетинде жузеге келген экологиялык жагдайды жумсартыу, коршаган орталыкты коргау хэм де тениз ултанынан дузлы шан - тозанлар котерилиуинин алдын алыу максетинде шолге шыдамлы осимликлер егиу бойынша Каракалпакстан Республикасы Жокаргы Кенесинин гуллан халкымызга : Ундеуи // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 29 дек.

Аралбойы регионы ушын арнаўлы фонд: Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Нью - Йорк қаласында резиденциясында 27 - ноябрь күни БМШнын Аралбойы регионы ушын Инсан қәуипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды жумысының басланыўына бағышланған илаж болып өтти // Ustaz joli'. - 2018. - 1 дек.

Арал теңизиниң қурып барыўы ақыбетинде жүзеге келген экологиялық жағдайды жумсартыў, қоршаған орталықты қорғаў ҳәм де теңиз ултанынан дузлы шаң - тозаңлар көтерилиўиниң алдын алыў мақсетинде шөлге шыдамлы өсимликлер егиў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гүллан халқымызға: Үндеўи // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 29 дек.

Арал турмысында жана дәўирге қәдем қойылмақта: [Теңиз шегинсе де, инсан шегинбейди] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 7 февр.

Аралбаева, Б. Бизиң Мойнақ еле зор болады – дейди Жаслар аўқамы белсендиси Б. Аралбаева: Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери: [Арал теңизи, Мойнақ, жаслар ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв. – Б. 6.

Арзиев, Р. Мойнақ нураныйлар нәзеринде: [жол дәптерден] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 12 февр.

Арзиев, Р. Жаңа Мойнақ - жаңа имканиятлар: [Өзб. Респ. Бас прокуратурасы ҳәм ҚР. Министрлер Кеңеси тәрепинен усы жылдың 15 - 16 - декабрь күнлери республикамызда "Жаңа Мойнақ - жаңа имканиятлар" атамасында биринши мәрте инвестициялық бизнес форумы болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 18 дек.

Арзиев, Р. Қарақалпақлар - тарийхы уллы халық дейди Франциялы кинорежиссёр Кристиан Лелонг: [ "Әмиўдәрья бойы адамлары" фильмин дөретиў ҳаққында сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 18 окт.

Арзиев, Р. Жаңа Мойнақ - жаңа имканиятлар атамасында биринши мәрте инвестициялық бизнес форумы болып өтти // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 18 дек.

Альменова Г. Бул шөллер бостан болады еле: Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери: [Арал теңизи, Мойнақ, жаслар ҳаққында"] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв. – Б. 4.

Абибуллаев Д. Муйнак: Возвращение жизни: [ Отклик] Посещение Президентом нашей страны Ш. Мирзиёевым Муйнакского района, знакомство с ходом созидательной работы"// Вести Каракалпакстана. – 2019. – № 69.

Базарбаев, Ж. Жәбирленген халықтың тарийхының жаңа бети ашылды // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 29 дек.

Базарбаев, Ж.. Мойнақ еле зор болады...: Районның бүгинги келбети // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 31 май.

Базарбаев, Ж**.** Шексиз миннетдармыз: [2018 жыл 28 ноябрьде БМШтың гезектеги мәжилисинде Арал апатшылығына қарсы гүресте пүткил дүнья жүзи мәмлекетлериниң бирлигин шөлкемлестириўде, БМШтың басшылығында Траст фондтың дүзилиўи ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 4 дек.

Базарбаев, Ж. Арал теңизи қурыўының ақыбетлерин сапластырыў мүмкин бе?: БМШтың қәўендерлигинде 2018 жыл 28 ноябрь күни Аралбойы аймағы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды дүзилди // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 13 дек.

Базарбаева , Л. Арал бойы мәдений раўажланыў кесиспесинде: [конференция] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 24 нояб.

Баетов, Қ. Теңизим, сени сағындым: Аўылың Венеция – ғой…; Гөне Қазақдәрьяда...: (Еске түсириў дүркининен) // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. -22 нояб.

Балтаниязов, Ж. Жасыл тоғайлар - саламатлығымыз гиреўи: Экология / Балтаниязов, С. Сарсенбаев // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 февр.

Дәўлетова, Г. Мойнақ – нәлден нәрўан болған босағам: [Мойнақ районының раўажланыўы ҳаққында сөз етиледи] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 24 сент.

Дабылов П. Ўатан жыры жаңлар бүгин Мойнақта: [қосық]  // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 21 янв.

Ембергенов С. Мойнаққа еле қуслар қайтып келеди: [Жазыўшының жол дәптеринен]  // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Жаниев, С.  Мойнақ аква санаат кәрханасы иске түсти: [28 декабрь күни Мойнақ районында «Мойнақ аква санаат» кәрханасы пайдаланыўға тапсырылды]  // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 1 янв.

Жаниев, С.  Муйноқ: кеча, бугун, эртагада: [Муйноқ ҳақида янги китоб чоп этилди]:  // Qoraqalpog'iston tongi. – 2019. – 5 дек.

Жартыбаев, Ж. Аралдан атлыққан булақ, қәлбиме жақты шырақ: Арал теңизи // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 февр.

Жиемуратов, Ә. Сексеўил егиў жумыслары жедел даўам етпекте: [Арал машқаласының ақыбетлерин сапластырыў, экологиялық жағдайды жақсылаў мақсетинде қурыған ултанына сексеўил егиў  жумыслары ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 17 янв.

Жиемуратов, Ә. Сексеўил егилген майдан 103 мың гектардан асты: Теңиз шегинип атыр, бирақ инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 22 янв.

Жиемуратов, Ә. Арал машқаласы бәршемиздиң дыққатымызда: Экологиялық шембилик // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 29 янв.

Жонибеков, З. Халкымыздың абаданлығын жоқарылатыў жолындағы реформалар избе - из даўам еттириледи: Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев орынларда социаллык - экономикалык реформалардын барысы, әмелде асырылып атырған дөретиўшилик ҳәм абаданластырыў жумыслары менен жақыннан танысыў, халық пенен пикирлесиў мақсетинде 15 - 16 - ноябрь күнлери Қарақалпакстан Республикасында болды / З. Жонибеков, М. Элмуродов, У. Асроров // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 20 нояб.

Ибрагимов, М. Теңиздиң ултанында жасыл тоғайзарлықлардың әҳмийети: [Мойнақта жаңа турмыс басланды] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 17 янв.

Индаминова З. Мойнақ жаңаланыў жолында  // Қарақалпақстан мәденияты. – 2019. – 16 нояб.

Қанаатов, Е. Теңиз шегинип атыр, бирақ, инсан шегинбейди: Халықаралық пресс - клубтың гезектеги сессиясы биринши мәрте Нөкис қаласынан дерлик 300 километр узақта - Аралдың қурыган ултанында өткерилди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 8 янв.

Қанаатов, Е. Мойнақтан 200 километр алыста - Аралдың қурыған ултанында душшы суў табылды: Жаңалық // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 29 янв.

Қарақалпақстан: Орынланған жумысларды талқылаў ҳәм перспективалы режелер: [Өзбекистан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 15 - декабрь күни Қарақалпақстан Республикасына келди] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 19 дек.

Каримов, К. Арал бойы абат болады...: Мүнәсибет // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 10 янв.

Қунназаров, К. Арал: (толғаныслар, болжаўлар) [Арал машқаласын шешиўде алып бпрылып атырған жумыслар ҳаққында] // Әмиў дәрья. – 2019. – № 6. – Б. 95 – 97.

Кемалова, А. Елимиздиң раўажланыўына үлес қосыўдан шаршамаймыз: Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! [Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Мамбетирзаева, Н. Тамшы суўда теңиз сәўлеси: [публицистика] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Матеков, И. Ески жағыста жаңлаған намалар: [Мойнақта музыка фестивалы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 15 сент.

Матеков, И. Мойнақтың жаңаша келбети: [Мойнақтың жаңаша келбетин көриў ҳәм танысыў мақсетинде Өзбекстан билимлендириў, илим ҳәм мәдeният хызметкерлерикәсиплик аўқамы Нөкис қалалық кеңеси тәрепинен саяҳат шөлкемлестирилди] // Ustaz joli. – 2019. – 28 дек.

Машарипова, Т. Ўатан ушын сексеўилдей көгериўге таярман! [Республикамыздағы жоқары оқыў орынларының студент – жаслары жаслар жетекшилериниң жол баслаўында Мойнақ районында 9 – 10 - январь күнлери еки күн даўамында саяҳат болды] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 21 янв.

Мирзиёев Шавкат " Қарақалпақстан келеси 2-3 жылда пүткиллей өзгериўи керек" // Ustaz joli'. - 2018. - 24 нояб.

Медетов, Б. Басшылар жасларға өрнек болыўы керек // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Муратбаева, Г. Арал тәғдири – жаслар тәғдири: Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Муйноқ текстил: Замонавий ускуналар ва сифатли маҳсулотлар: Кун янгилиги // Qoraqalpog'iston tongi. – 2019. – №.30. – Б. 1.

Нызанов, М. Нәўбет келди, дәўлет келди Мойнаққа: Теңиз шегинбекте, лекин, инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 24 янв. **Мазмуны:** Кеўиллерди тебирендирген пресс клуб; Сиз дәрьяның ултанын көргенсиз! теңиздин ше? (Даўамы бар)

Нызанов, М. Нәўбет келди, дәўлет келди Мойнаққа: Теңиз шегинбекте, лекин, инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 26 янв. **Мазмуны:** Нөкис - Мойнақ - Арал (Даўамы. Басы өткен санда)

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң Туркменстан Туркменбашы қаласында болып өткен Аралды куткарыў халықаралық қорын шөлкемлестириўши мәмлекетлер басшылары кеңесинин мәжилисинде шығып сөйлеген сөзи // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 28 авг.

Өтеўлиев, Ө. Теңиздиң ески жағысындағы қайта жаңарған Мойнақ: [Районның Бас архитекторы Ханымай Саметовна Жетписова менен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 22 янв.

Өтеўлиев, Ө. Графиктен озып жүрген жигитлер...: Мойнақтағы қурылыслар // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 февр.

Өтеўлиев, Ө. Мойнақтың сексендеги ең Садық шыпакери: ["Қанатлы доктор" атанған Оразымбет Халмуратов пенен дәрья, теңиз бойлап санавиацияның "Ан - 2" самолётларында ушқан, ҚР мийнети сиңген медицина хызметкери Балтабай Тилеўбергенов ҳаққында сөз] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 29 янв.

Өтениязов, Ж. Мойнақ; Аббаздың жолы: [Шайыр А. Дабыловтың 120 жыллығына қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 19 февр.

Өтеўлиев, Ө. Теңиз бойларын жаңлатқан Наўрыз - этнофестивал...: [30 - 31 - март - күнлери Мойнақта этнографиялық фестиваль болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 2 апр.

Өтеўлиев, О. Тениздиң ески жағысына тутасажақ полиэтилен труба - "дәрья": ("Қоңырат-Мойнақ" суў тармақларының ылғаллы қурылысы басланды) // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 2 февр.

Өтеўлиев Ө. Мойнақ балық консервасы және ел дастурханында: [Мойнақ балық консерва заводы 2019 жыл қайта иске түсти] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 14 янв.

Өтеўлиев Ө. Тоғайдан тоғай туўылмақта…: [Теңиз ултанына ийгиликли атланыс даўам етпекте] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 11 янв.

Өтеўлиев Ө. Мойнақтан ушатуғын самолётлар пәрўазы: [Мойнақ районында аэропорттың реконструкция жумыслары ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – № 79. – С. 4.

Өтениязов, Ж. Мойнаққа кел!: [поэзия] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – №.106. – Б.3..

Өтениязов Ж. Гүллен Мойнақ, Аралдың ақ моншағы: [Жазыўшының жол дәптеринен; Мойнақ районы ҳаққында сөз етиледи] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – №.106. – Б.3.

Отарбаев, Р. Теңиз бизден узақ емес: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 3 июнь.

Оразов, А. Экологиялық жағдайды жақсылаўға бағышланды: [Өзбекстан Жаслар Аўқамы Қарақалпақстан Республикасы Кеңесинде халықаралық шөлкемлер менен биргеликте Орайлық Азия жасларының "Аралды қутқарайық" атамасында илимий - әмелий конференция болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 4 апр.

Остонов, С. Муйноқда тонг отмоқда: Орзу – ниятларга, янгиликларга тўла тонг, гўзал бир тонг… // Qoraqalpog'iston tongi. – 2019. – 8 avg.
**Мазмуни:** Армонлар ва муъжизалар; Оролнинг кўз ёшлари; Муйноқ имкониятлар майдони.

Пазылбеков, М. Мойнақтағы мәдений орай: [Мойнақтағы экология музейи] // Қарақалпақстан жаслары. - 2018. - 29 нояб.

Пахратдинова Ш. Ҳаялман; Мойнағыма келди бәҳәр: [Қызлар гүлдәстеси қосықлар] // Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 5 март.

Петрушина, И. Фестивали прошли с размахом: [В Муйнаке международных фестивалей, а именно экологического "Арал и возрождение Муйнака", гастрономического "99 рыбных блюд Арала" и музыкально - поэтического, посвященного творчеству поэтов Бердаха и Ажинияза. И, 24 - 25 октября прошли все три фестивали одновременно] // Вести Каракалпакстана. - 2017. - 28 окт.

Полат Айнур. Арал еле толып тасады: [Келешекке үмит; Арал теңизиниң өтмиши ҳәм келешеги ҳаққында ] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 21 сент.

Реймов, К. Аралдың аққыўын еслеп: [Тамара Давлетмуратованың "Валерина" китабы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. - 22 нояб.

Реймова Г. Арал теңизи атаўларындағы өмир: [Үлкемиз тарийхынан Мақала Мойнақ районында балықшы, фельдшер, педиатр, бас шыпакер лаўазымларында ислеген, ҳәзирги күнде пенсионер, Өзбекстан Журналистлери дөретиўшилик

ауқамының ағзасы Қаржаўбай Баетовтың Арал теңизинде көрген қызықлы ўақыялары ҳаққында] / Г. Реймова // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. – №.30.

Сабиров, Г. Теңиз ултанында өсимликлер дүньясын пайда етиў машқалалары: Илимпазлар пикири // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 23 февр.

Сагидуллаев, А. Мениң Мойнағым – мениң мақтанышым: [Арал шегинсе де биз шегинбеймиз! Қарақалпақстан жасларының шын жүректен шыққан сөзлери; Арал теңизи, Мойнақ, жаслар ҳаққында] Қарақалпақстан жаслары. – 2020. – 23 янв.

Сагидуллаев, А. Мениң Мойнағым мақтанышым: Арал шегинсе де, биз шегинбеймиз! [Мойнақ районында алып барылып атырған кең көлемли жумыслар ҳаққында]// Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 21 янв.

800 мың гектарға шамалас жер майданы сексеўил егиўге таяр: [Мойнақ районында Аралбойы аймақларында жүз бериўи мүмкин болған айрықша жағдайлардың алдын алыўға қаратылған илажлар ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 12 февр.

Тажетдийнова, Г. Өтмиши өмиршең Мойнақ: [Тәбият ҳәм биз] // Ustaz joli'. - 2018. - 15 сент.

Төремуратов, С. Аралым - әрманым мениң: Арал машқаласы // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 7 февр.

Улуғмурадов, Д. Мойнақ "Сахра мерўерти"не айланады: Теңиз шегинсе де, инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 9 февр.

Уснатдинов, Ш. Мойнақтың жаңа дәўраны: [Мойнақ районының раўажланыўы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 10 янв.

Хожаниязова, Л. Мойнаққа қалыс жәрдем - инсаныйлық миннетим: дейди Берунийли фермер Закиржан Бабажанов // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 12 янв.

Хусанова, М. БМШ қәўендерлигинде дүзилген Траст фондының биринши доноры - Өзбекстан: Ташкентте 24 - январь күни БМШтың Арал бойы аймағы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды басқарыў кеңесиниң дәслепки мәжилиси болып өтти // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 26 янв.

Элмуродов, М. Жаңа жойбарлар адамлардың турмыс дәрежесин буннан былай да жоқарылатыўға хызмет етеди: [Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев орынларда әмелге асырылып атырған реформалар, алып барылып атырған дөретиўшилик жумыслары, ири жойбарлар менен танысыў мақсетинде 15 - ноябрь күни Қарақалпақстан Республикасына келди]; М.

Элмуродов, З. Жонибеков, Е. Қанаатов // Қарақалпақстан жаслары. - 2018. - 22 нояб.

Ярашов Т. Муйноққа кел!: [поэзия] // Қарақалпақ әдебияты. – 2019. – № 7. – Б.1.

***Дүзиўшилер:***

***Мағлыўмат библиография хызмети баслығы: Г. Аббазова***
***Мағлыўмат библиография хызмети***
***бас библиографы: Г. Тажимуратова***